


Gêgaran Palatihan

KAWRUH BAB AKSARA JAWA



Déning Hesti Mulyani

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2007

PALATIHAN GURU

PUNDONG - BANTUL
SEPTEMBER 2007

Gêgaran Palatihan

KAWRUH BAB AKSARA JAWA



MENGETAHUI



JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2007

PALATIHAN GURU

PUNDONG - BANTUL
SEPTEMBER 2007

PRATELAN ISI

SAMAK	1
ISI	2
1. PURWAKA	3
2. DÊNTAWYANJANA	4
a. Aksara saha Pasanganipun	5
b. Sandhangan	6
3. PATHOKAN PANYÊRATING AKSARA JAWA	7
4. TÊTÈNGÊR WONTÊN ING PANYÉRATAN	9
5. BAB PANYÊRATING TÊMBUNG-TÊMBUNG MAWI AKSARA JAWA	12
6. BAB AKSARA LATIN SAHA CARANIPUN MAOS AKSARA JAWA	13
7. WAOSAN	17
GLADHÈN	23
PRATÉLAN WAOSAN	24
LAMPIRAN	25

KAWRUH BAB AKSARA JAWA

1. PURWAKA

Sératan ménika kaangkah sagêda dados gêgaraning palatihan utawi kanggé gégaran ing pamulangan sawatawis, nanging inggih namung sarambut pinara sasra, inggih namung sakêdhik sangêt. Botên mawi wigah-wigih, ingkang ndhapuk sératan ménika ngakêni, bilih sérat ménika taksih kathah cèwètipun. Mila sangêt kaajêng-ajêng, muugi para kawogan ugi pamaos karsaa paring pitêdah mênggah pundi ingkang klèntu pundi ingkang kirang trêp. Sawarnining pitêdah, badhé katampènan kalayan sangêt agunging panuwun.

Prakawis ingkang dados bêbakuning rêmbag wontên ing bab panyératan saha caranipun maos aksara Jawa makatén warni-warni. Nanging ingkang kawrat wontên ing sératan ménika namung rêringkêsan kémawon (Poerwadarminta, 1953: 121-132; Adisasmita, 1955). Wondéné prakawis ingkang badhé kaandharakên inggih ménika bab dêntawayanjana utawi urut-urutaning aksara Jawa, pathokan panyératipun, têtêngêr ing panyératan, panyérating têmbung-têmbung mawi aksara Jawa, saha bab kadospundi mênggah anggènipun nyérat mawi aksara Latin sarta kadospundi mênggah anggènipun maos waosan ingkang sinérat mawi aksara Latin ménika.

Kauningana, bilih aksara Jawa ing sératan ménika ngginakakên pawadan ingkang sampun kalimrah lumampah ing sawatawis wêkdal kêpengkêr. Bab ménika kapratélakakên, supados botên nuuhakêن pradondining pamanggih.

Sawatawis tuladha makatén, panyérating têmbung-têmbung
 ଗାଁ ଲକ୍ଷଣ ରୂପ ନ ହେଲି କାଳତିନାକେନ କାଚଙ୍ଗ ଲାଞ୍ଜାରାନ ବୋଟେନ କାସେରାତ
 ଗାଁ ଲକ୍ଷଣ ରୂପ ନ ହେଲି ସୁପାଦୋସ ବୋଟେନ କାସେରାତ ଉତ୍ତାଵି କାଵାୟୁ
kacang lan jaran.

Déné gina paédahing aksara Jawa ingkang pokok inggih ménika minangka pirantos kanggé sésulihing sambêt raos-pangraosing manungsa mliginipun masarakat Jawi, ing salébêteing bêbrayan. Sasanèsipun ménika inggih kanggé sarana mahyakakén gagasan sarana sinérat, kados ta kanggé nyérat sérat ibér, naskah utawi buku, lsp. Adhêdhasar andharan kasébut nélakakén bilih pangertosan bab aksara Jawa makatén migunani sangêt kanggé sarana mbêdhah isining naskah utawi buku ingkang kasérat mawi aksara Jawa utawi kanggé mahyakakén gagasan. Kanthi makatén pangertosan bab aksara Jawa prêlu kawulangakén dhatêng para putra utawi siswa ing pamulangan murih sagêd katampi sarta kadarbé. Wondéné andharan bab aksara Jawa kados ing sératan salajêngipun.

2. DÉNTAWYANJANA

Aksara Jawa ménika anggènipun nyérat saking kiwa manêngén, papanipun wonten ing sangandhaping garis, ménawi dlancangipun wonten garisipun. Aksara Jawa asipat *silabik*, têgêsipun sabén satunggal aksara nggamarakén satunggal wanda. Béda kalihan aksara Latin ingkang *fonemis*, têgêsipun sabén satunggal aksara nggamarakén satunggal *inti bunyi*. Déné panyératanipun aksara Jawa ménika botén milah-milahakén antawisipun têmbung satunggal lan

satunggalipun, dados lajêngan kémawon. Sératan makatén ménika kasébut *scriptio-continuo*, inggih sératan ingkang lajêngan kémawon tanpa kapêdhot pilahaning têmbung-têmbungipun. Béda kalihan aksara Latin ingkang milah-milahakên sabén têmbungipun.

Ingkang baku aksara Jawa ménika wontén kalih dasa. Wondéné dêntawayanjanipun kados ing ngandhap ménika.

a. Aksara saha Pasanganipun

Aksara	Pasanganipun
ାମ	ାମ
ଏଇ	ଏଇ
ାଳ	ାଳ
ମୁଁ	ମୁଁ
ପାଂ	ପାଂ
ମାଝି	ମାଝି
ମାଟି	ମାଟି
ମାତ୍ରା	ମାତ୍ରା
କାବି	କାବି
ଗନ୍ଧି	ଗନ୍ଧି
କାଂଠି	କାଂଠି
ଦୁଲି	ଦୁଲି
ଚିଲି	ଚିଲି
କିଂପା	କିଂପା
ଦିଲା	ଦିଲା
କିଂଚିତ୍	କିଂଚିତ୍
କେଣିଏ	କେଣିଏ
କିଂପାହିମା	କିଂପାହିମା

pasangan dipunwastani pincang
 pasangan dipunwastani kembang
 pasangan dipunwastani gembung
 pasangan dipunwastani gandhul utawi gondhèl

Aksara murda utawi aksara **mahaprana** ménika salérêspun ungêlipun béda kalihan ingkang limrah, jalaran rumiyinipun ménika piridan saking basa Sansékerta. Nanging, tumraping basa Jawi dipunanggêp sami kémawon. Ginanipun kémawon ingkang bédâ, inggih ménika kanggé nyérat têmbung-têmbung saking basa ngamanca. Aksara murda ménika cacahipun wontén wolung aksara inggih ménika: Na, Ka, Ta, Sa, Pa, Ga, Ba, Jña. Déné wujudipun makatén:

Aksara	Pasanganipun
ا	ا

Aksara rékan utawi kasébut aksara damélan ménika kanggé mujudakén aksara ngamanca (langkung-langkung aksara Arab), ingkang wontén ing basa Jawi botén wontén. Aksara rékan ménika kathahipun wontén gangsal, inggih ménika: cha, dza, gha, fa, za, déné wujudipun kados ing ngandhap ménika.

ا ا ا ا ا

Aksara swara inggih ménika aksara ingkang kanggé mujudakén aksara ngamanca (langkung-langkung aksara Arab), ingkang wontén ing basa Jawi botén wontén. Aksara rékan ménika kathahipun wontén pitu, inggih ménika: 1) ا ا ا ا ا (a, i, é, u, o)
2) ر ل (rê, lê)

b. Sandhangan

Sandhangan inggih ménika praboting aksara Jawa kanggé mbédakakén ungéling wanda ing basa Jawi. Sandhangan ing aksara Jawa wontén warni tiga kados ing ngandhap ménika.

1) Sandhangan swara

- ۰ kasébut pêpêt, upaminipun
- ۱ kasébut wulu (ulu), upaminipun
- ۲ kasébut taling, upaminipun
- ۳ kasébut taling tarung, upaminipun
- ۴ kasébut suku, upaminipun

2) Sandhangan panyigêging wanda

↪ kasêbut layar, gantosipun sigêg ၂၁ upaminipun $\text{၃၇၈၂} \text{ ၁၁}$

↪ kasêbut wignyan, gantosipun sigêg ၂၇၁ upaminipun $\text{၃၇၃၃} \text{ ၁၁}$

↪ kasêbut cêcak, gantosipun sigêg ၂၇၀ upaminipun $\text{၂၇၃၂} \text{ ၁၁}$

3) Sandhangan wyanjana

↪ kasêbut cakra, gantosipun panjing ၃၁ upaminipun ၂၃၂၃၂၂၁၁

↪ kasêbut kérêt, gantosipun cakra pépêt ၃၁ upaminipun $\text{၂၃၂၂} \text{ ၁၁}$

↪ kasêbut péngkal, gantosipun panjing ၃၁၁ upaminipun $\text{၂၃၂၂၁၁} \text{ ၁၁}$

3. PATHOKAN PANYÊRATING AKSARA JAWA

Pathokan panganggérining aksara Jawa wonten ing sératan sarta angka kados andharan ing ngandhap ménika.

a. Aksara Jawa ingkang limrah ménika kajawi kanggé nyérat kados samêsthinipun, ugi kénging kasilih kanggé nyérat angka. Wujuding angka Jawi, inggih ménika: $\text{၂၁၄၂၅၂၆၂၇၂၈၂၉၂၁၂၀၁၁}$


Trapipun kados angka Walanda, upami:



$$13 = \text{၂၁} \quad 363 = \text{၂၇၁၃၂၁} \quad 1961 = \text{၂၃၃၁၂၁}$$


Mènggah panyératipun supados botên cawuh, kédah dipunélêt-élêti ing pada pangkat (kados andharan ing nginggil).


Angka Jawi ménika prayogi ugi kasérat wonten ing urut-urutaning bab utawi titi-mangsa. Upaminipun: $\text{၃၂} ; \text{၃၃၇၁၃၁၀}$





b. Pasangan ménika kapasang wonten ing sawingking utawi sangandhaping aksara ingkang kasigêg miturut papanipun piyambak-piyambak, upaminipun:


pasangan  ménawi papanipun sésak (mèpèt)
kénging dipun-sérat wontên ing sangandhapipun.


- c. Aksara rékan ménika namung kanggé nyérati témbung-témbung ngamanca ingkang botén wontên pasanganipun. Dados aksara ingkang mati kédah kasigé, upaminipun: 
Déné yèn sésigéipun awujud aksara rékan trapipin bares kémawon, kados ta: 

Aksara rékan ménika ménawi angsal sandhangan: wulu, layer, pêpêt, cêcak, cêcêkipun tiga kasèlèh ing sakiwanipun sandhangan wau, upaminipun: 

- d. Aksara murda kanggé: asmaning para luhur saha misuwur, pangkat luhur, tiyang ingkang dipun-aosi, lsp., upami: 




- e. Aksara swara ménika namung kanggé nyérati témbung-témbung ngamanca ingkang botén wontên pasanganipun, upaminipun: 
Déné  ménika gantosipun  pasanganipun dados 
Wangsul dhatêng asalipun, inggih ménika  , upaminipun: 

- f. Pasangan  ménika ugi dados panjingan ingkang kaungélakén sarêng kalihan aksara ingkang dipunpanjingi, samantén ugi  ugi kénging kapanjingakén. Aksara ingkang mawi panjingan ménika yèn dumunung sawingkingipun wanda sigé botén kénging kapasangakén dados wanda wau lajêng kasigé ing pangkon, upaininipun:



8


- g. Tandha  pangkon (patèn) ménika kanggé tandha yèn aksara ingkang dipunpangku ical namung kantun swanténipun, tuladhanipun:


4. TÊTÈNGÉR WONTËN ING PANYÉRATAN

Mênggah têtengér ingkang kanggé ing sératan basa Jawa, inggih ménika:


- a.  pada lisa (lingsa), kanggé misah gatra utawi ukara. Dados, pada lingsa ménika kaginakakén kanggé napasing pamaos, kanggé misah ukara utawi gatra ing témbung. Ménawi napasan utawi andhèganing waosan sampun wontén pangkonipun, ménika kaanggêp pada lingsa, upaminipun:



- b.  pada lungsi ménika kanggé misah ukara kang botén nunggal. Dados, pada lungsi ménika minangka êlêt-êlêt wasananing pamaos. Yèn sampun wontén pangkonipun, padanipun namung satunggal kémawon. Tuladhanipun:



- c.  pada pancak, ménika kanggé panutup ing wasananing cariyos ingkang sampun têlas utawi ing pungkasaning sérat (ibér), malah yèn taksih sêla dipunrangkép, makatén:



- d.  pada pangkat, kaginakakén kanggé:















- 1) ngêlêt-êlêti angka Jawi supados botên cawuh kalihan sératan sanèsipun, *الْيَوْمَ نَحْنُ نَسْتَدِينُ بِأَنْجَلِيَّةِ الْمُؤْمِنِينَ*
 - 2) kanggé milah cariyos kalihan katérangan ingkang nyéthakakén *مَنْ يَرْجُوا رَحْمَةَ رَبِّهِ فَلْلَهُ الْمُعْلِمُ*
 - 3) kanggé milah cariyos kalihan ukara pacélathon *كَمْ يَرْجُوا رَحْمَةَ رَبِّهِ فَلْلَهُ الْمُعْلِمُ*
 - 4) kanggé napasan utawi andhêgan ing sékar agêng *لَمْ يَرْجُوا مَنْ يَرْجُوا إِلَّا اللَّهُ أَعْلَمُ*
- e. *|| adég-adég* (ada-ada) kanggé ing purwaning ukara wiwitan, utawi kanggé ing purwaning ukara yèn gantos larikan *لَمْ يَرْجُوا مَنْ يَرْجُوا إِلَّا اللَّهُ أَعْلَمُ*
لَمْ يَرْجُوا مَنْ يَرْجُوا إِلَّا اللَّهُ أَعْلَمُ
- f. *|| o|| pada guru* (ugér-ugér), kanggé pêpucuking sérat gancaran, sérat kintunan sasampunipun adawiyah, sérat dhawuh, Isp.
- g. *|| l|| pada luhur* ménika ginanipun kanggé unggah-ungguh ihg sérat kintunan ingkang katujokakén dhatêng sor-soran (tiyang aném) *لَمْ يَرْجُوا مَنْ يَرْجُوا إِلَّا اللَّهُ أَعْلَمُ*
- h. *|| m|| pada madya*, kanggé sasami-sami, upami: *لَمْ يَرْجُوا مَنْ يَرْجُوا إِلَّا اللَّهُ أَعْلَمُ*
 pada madya ugi kanggé pada agêng ing sékar, sarta adég-adêg ing sérat adèn-adèn.
- i. *|| l|| pada andhap*, tumrap dhatêng panginggil, kados ta: *لَمْ يَرْجُوا مَنْ يَرْجُوا إِلَّا اللَّهُ أَعْلَمُ*

- y. **ପୁର୍ବ ପାଦ** purwa pada, têgêsiplen pada wiwitan, ménika kanggé pêpucuking sérat sékar. Pramila ing pada wau mèngku kajêng ingkang sinamar: ପୁର୍ବ ପାଦ ପାଦ ମେନିକା
ing pêpêthan: ପାଦ
- k. **ମଦ୍ୟ ପାଦ** madya pada, têgêsiplen pada têngahan, wonten ing sékar kaginakakên kanggé têtêngêr gantosipun jinising sékar. Pada ménika mèngku suraos ମଦ୍ୟ (têbih, têgêsiplen sêkariçun taksih lajêng, dèrèng rampung), kasamuñ ing ମଦ୍ୟ
- l. **ବସନ୍ତ ପାଦ** wasana pada, inggih ménika pada pungkasan. Pada ménika minangka panutuping sérat dhapukan sékar, ingkang mèngku suraos: ବସନ୍ତ (makatêni cariyosipun, tamat) ingkang kasamuñ ing ବସନ୍ତ
- m. **ତନ୍ଦ୍ରା କୁରୁଙ୍ଗ** tandha kurung ménika sambutan saking têtêngêr ngamanca (Walanda), kanggé nêrangakên ménawi ingkang dipunsukani kurung ménika pilah kalihan ukara-ukara ing riku. Dados, namung dumunung katrangan kémawon, upaminipun:

|| ପୂର୍ବ ମଦ୍ୟ ବସନ୍ତ କୁରୁଙ୍ଗ || ୧୫/-

5. BAB PANYÉRATING TÊMBUNG-TÊMBUNG MAWI AKSARA

JAWA

- Tembung lingga makatén limrahipun kadhapuk saking kalih wanda. Ingkang wandanipun langkung saking kalih inggih wonten. Déné anggènipun nyérat satunggal-satunggaling wanda botén kénging rinangkép. Tuladhanipun:  Botén kénging ngrangkép aksara, upami:  ingkang nyébal:  botén kasérat 
-  botén kasérat manut pakêcapanipun:  Isp.
- Tembung lingga ingkang nigang wanda saha wanda ingkang ngajéng sigêg aksara irung, panyératanipun manut pakêcapanipun: 
-  Isp. botén kénging kasérat nganggé pêpêt layar. Nanging, namung tembung ngamanca ingkang kacéthakakén kénging kasérat nganggé pêpêt layer, upaminipun: 
- Panjing  kados ta: 
- botén kénging kaulur:  kajawi ménawi prêlu, upaminipun kanggé ing sékar.
- Samantén ugi sésélan  kasérat manut pangrimbagipun, upami: 
- Panyérataning tembung ngamanca manut pakêcapanipun, botén prêlu manut salérêsipun, upaminipun:

<i>کانٹوو</i>	(kantoor)	<i>اندیل</i>	(aandeel)
<i>ماٹسچاپی</i>	(maatschappij)	<i>بگیجے</i>	(bagage)

- h. Rérakéting témbung ingkang kakanthékakén ing témbung ingkang apurwa botén luluh, kados ta:
- نگاره و نگاره نگاره نگاره نگاره نگاره*
- ingkang nyébal:
- نگاره و نگاره نگاره نگاره نگاره نگاره*
- i. Aksara Arab, Latin dalah angkanipun, yèn kasérat sarêng kalihan sératan Jawa, kédah kajèjér. Dados, dumunung ing sangandhaping garis. Déné yèn aksara Jawa sumêla ing sératan Latin, inggih kédah jèjér nanging dumunung ing sanginggiling garis, upaminipun:
- ۱۴۲۸ میلادی ۲۰۰۷ میلادی*
- j. Angka Rum kénging kanggé ing sastra Jawi, aksara Latin kénging kasilih kanggé angka urut-urutan.

6. BAB AKSARA LATIN SAHA CARANIPUN MAOS AKSARA JAWA

Panyérating témbung Jawi mawi aksara Latin ménika sawatawis wonten paugéraniipun piyambak, kados ing ngandhap ménika.

- a. Saking dêntawayanjana inggih ménika: ha, na, ca, ra, ka, da, ia, sa, wa, la, pa, dha, ja, ya, nya, ma, ga, tha, nga. Déné anggènipun maos / h̄, n̄, c̄, r̄, k̄, d̄, t̄, s̄, w̄, l̄, p̄, d̄, h̄, j̄, ȳ, nȳ, m̄, ḡ, b̄, th̄, nḡ /.

- b. Aksara murda utawi aksara mahaprana, inggih ménika: Na, Ka, Ta, Sa, Pa, Ga, Ba, Jña, dipunwaos / Nā, Kā, Tā, Sā, Pā, Gā, Bā, Jñā /
- c. Aksara rékan inggih ménika: cha, dza, gha, fa, za, dipunwaos / a / utawi / å /
- d. Aksara swara inggih ménika: 1) a, i, u, é, o
2) rē, lē
- e) Sandhanganing aksara Jawa murih sagêd mungêl, botên namung nglégêna kémawon, wontên warni gangsal inggih ménika:
 - 1) ḥ--- pêpêt, ḥ--- kawaos / hə / utawi / æ /, upami ḥ--- gêgêr
 - 2) ḥ--- wulu, ḥ--- kawaos / hi / utawi / i /, upami ḥ--- siji
 - 3) ḥ--- taling, ḥ--- kawaos / hl / utawi / ɪ /, upami ḥ--- lélé / hæ / utawi / æ /, upami ḥ--- gègèr
 - 4) ḥ--- taling tarung, ḥ--- kawaos / ho / utawi / o /, upami ḥ--- ora
 - 5) ḥ--- suku, ḥ--- kawaos / hu / utawi / u /, upami ḥ--- dudu
- f) Sandhangan panyigêging wanda (swara) inggih ménika:
 - 1) ḥ--- layar, ḥ--- kawaos / har / utawi / ar /, upami ḥ--- warta
 - 2) ḥ--- wignyan, ḥ--- kawaos / hah / utawi / ah /, upami ḥ--- gajah
 - 3) ḥ--- cêcak, ḥ--- kawaos / hang / utawi / ang /, upami ḥ--- abang
 Aksara *h* ménika kanggénipun namung yèn pangucapipun *ha* cètha, kados ta: *hawa, tuhu, saha, nglaha*.
 Nanging yèn swanténipun ampang inggih namung kasérat a i u é è o, kados ta: *aku, iku, uwis, élok, èmbèr, ora, iss*.

- g) Sandhangan wyanjana, wonten warni gangsal inggih ménika:
- 1) cakra, kawaos / kra /, upami krama
 - 2) kérêt, kawaos / prə /, upami prêlu
 - 3) péngkal, kawaos / kya /, upami kyai
 - 4) panjing wa, kawaos / kwa /, upami kwali
- Sawingkingipun aksara *d*, *t*, *n*, kagantos *y*, kados ta: *sêdfa*, *sêtya*, *sunya*.

Aksara agêng (*kapital*) kanggénipun kados ingkang kalimrah ing basa Indonésia, inggih ménika kariggé pêpucuking ukara, sawingkingipun tandha titik (pada lungsi ing sératan dhapukan gancaran), namaning tiyang, sêsêbutan, araning lèpèn, rēdi, kitha, nagara, Isp.

Tétengér ingkang kaginakakén ing sératan aksara Latin, inggih ménika kados andharan ing ngandhap ménika.

- 1) . titik, ing sératan aksara Jawa sami kalihan pada lungsi (ing andharan gancaran).
- 2) , komah, ing sératan aksara Jawa sami kalihan pada lingsa (ing andharan gancaran).
- 3) ; titik komah, kaginakakén kanggé mêdhota gêgandhènganing ukara ingkang sampun sigêg namung ukaranipun dèrèng rampung. Upaminipun: *Nalika aku ményang Sala mampir omahé Suta; aku disuguh mangan nganti warêg.*
- 4) pada pangkat (kapriksanana kaca 9, bagéyan 4.d.)
- 5) “....” pada pembuka saha panutup, kanggé nyênggêt ukara ingkang nêrangakén paginêman utawi nyênggêt têtembungan ingkang dipun-prêlokakén, upaminipun:

Wangsulané Saridin: "Inggih, bêndara, mila kula ingkang lêpat."
Nalika kula dhatêng Bali numpak kapal "Mérapi".

- 6) ! pada pakèn, kanggé panutuping têmbung utawi ukara pakèn,
 upami: *Lungaa!*
Tukua séga, Din!
- 7) ? pada pitakèn, kanggé panutuping ukara pitakèn, upami:
Panjénengan putranipun sintén?
- 8) () kurung, kanggé nyukani tandha yèn isinipun sami kalihan
 ngajêngipun, upami: *Têmbung kaanan (sipat)..*
- 9) „ idhêm, kanggé nyukani tandha yèn isinipun sami kalihan
 ingkang kasêbut ing nginggilipun, upami:
Anak kalih jalér sadaya namanipun ugér-ugér lawang.
 „ „ èstri „ „ „ kembang sépasang.

Èstunipun taksih kathah rêmbag bab aksara Jawa ingkang
 kanggé ing pamulangan ingkang prêlu dipunsumérêpi, murih saya sugih
 kawruh bab aksara Jawa. Éwa samantên kasumanggakakên
 anggènipun badhé ngangsu kawruh kasêbut. Ing wasana kirang-
 langkungipun nyuwun agunging pangapuntên. N u w u n.

Hesti Mulyani
 3-4 Septemberi 2007
 20 Ruwah 1940 Alip
 21 Syâban 1428 H

Wanguloré Sardin
Nelka Kida Shaien
" ဘဏ္ဍာမူ "

— 1 —

၁။ ဘဏ္ဍာမူ၊ ၁။
 ဘဏ္ဍာမူနိုင်ရှိပည့်၊
 ပါအမှုနှစ်ယောပါအမှုနှစ်၊
 မိမာလိမာပါ(ဖွံ့ဖြေ)၊
 မိမာမှုမှုပါမျိုးမှု၊
 မာမိမာမှုနှစ်ဖြေပါမှု၊
 မဲမာမာမှုမှုနှစ်၊
 မြှေမြှေ(မြို့မြို့)၊
 မြှေမြှေပါ(မြို့ပါ)၊
 မှာမှု(ဖြူဖြူ)၊
 မိမာမူ(ဖြူဖြူ)။

*) // အာဟုဇ္ဈား၊ ကာကွယ်၊ အာဟုဇ္ဈား၊ 1855၊ မြှေမြှေပါမြို့ပါ

20 Ruwah 1947 A.D.

21 Syaban 1428 H.

GEGEBEPAN BAB AKSARA JAWA

Monogramm Schriftwange besitzt Winkel und Doppelbeschaffenheit

soziale-Semantik der Schrift Jawa besteht aus Kultur und Gesellschaft

soziale Klassisierung der Schrift Jawa besteht aus Kultur und Gesellschaft

soziale Klassisierung der Schrift Jawa besteht aus Kultur und Gesellschaft

soziale Klassisierung der Schrift Jawa besteht aus Kultur und Gesellschaft

(Edward Delavan French) **ශ්‍රී මහත් සංඝ්‍රා**

Universität Press)

Shri Mahatma Gandhi Library
Aspiration ()

திரு. பி. சுப்ரமணியர்
திரு. பி. சுப்ரமணியர்

திரு. பி. சுப்ரமணியர்
திரு. பி. சுப்ரமணியர்

திரு. பி. சுப்ரமணியர்

திரு. பி. சுப்ரமணியர்

ශ්‍රී මහත් සංඝ්‍රා

Universität Press)

Universität Press)

Universität Press)

Acknowledgments
Foreword

SÊSÊRÊPAN BAB AKSARA JAWA

Wontén sauntawis para winasis ingkang ngêndikakakén bab asal-usulipun aksara Jawa. Aksara Jawa ménika piridan utawi asalipun saking aksara Déwanagari (*Devanāgarī*). Aksara Déwanagari ménika aksara ingkang kanggé mahyakakén basa Sansekerta, inggih basa ingkang kaginakakén ing tlatah India.

Déné wujuding aksaranipun kados ing ngandhap ménika (Edward Delavan Perry. 1953. *A Sanskrit Primer*. New York: Columbia University Press).

Vowels.

	short	long
simple	ऋ a	आ ā
	इ i	ई ī
	उ u	ऊ ū
	ऋ r	ऋ ū
diphthongs	ऋ l	
	palatal	ए e ई āi
	labial	ओ o ओ au

Visarga : h.

Anusvâra : n̄ or m̄.

Consonants.

	surd	surd asp.	sonant	sonant asp.	nasal
Mutes	guttural क k	ख kh	ग g	घ gh	ङ ŋ
	palatal च c	छ ch	ज j	झ jh	ञ ḍ
	lingual ट ṭ	ठ ṛ	ड ḍ	ঢ ḍh	ণ ḍ
	dental ত t	ঘ th	দ d	ঘ dh	ন n
	labial প p	ফ ph	ব b	ভ bh	ম m

Semivowels { palatal য y lingual র r
 dental ল l labial ব v.

Sibilants: palatal শ s; lingual ষ š; dental স š.

Aspiration হ h.

kṣetreṣu siktābhīr meghānām adbhir dhānyam̄ prarūḍham

kṣe tre ṣu si ktā bhi rme ghā nā ma dbhi rdhā nyam̄ pra rū ḍham.

क्षे त्रे षु सि क्ता भि मे धा ना म द्विधा न्यं प्र रु ढम् → चेतु-
सिक्ताभिमे धाना मद्विधा न्यं प्र रु ढम्.

GARAPAN

1. Sinau bab aksara Jawa ménika gampil. Kadospundi pamanggih Panjénêngan?
2. Kénging ménapa nyérat aksara Jawa kédah kandêl alus, nggandhul ing sangandhaping garis, saha panyérating témbung botên kénging kapilah-pilah?
3. Kadospundi pamanggih Panjénêngan ngèngingi andharan aksara Jawa ing buku ménika?
4. Cobi kaandharna mênggah anggèn Panjénêngan badhé mulang bab aksara Jawa dhatêng para siswa!
5. Paugêraning aksara Jawa ménika wontêن kalih, inggih ménika paugêran lami saha paugêran énggal. Kadospundi cak-cakanipun ngginakakêñ paugêran kasébut?

GLADHÈN

Para siswa dipundhawuhi damêl sératan utawi anggitan ingkang isinipun bab *data diri* mawi aksara Jawa, nanging ngginakakêن basa Jawi. Anggitanipun sagêd kadamêl dhapukan gancaran saha sêkar macapat.

TULADHA**PUCUNG**

Sêkar Madu / siji Juni wolu pitu / ing Ngayogyakarta / jênêng tanggal aku lair / nywun pandonga dadya bocah kang piguna //

(*Gladhèn*)

सेकर मदु / सिजी जुनि वलु पितु / इंग न्यायोग्याकर्ता / जेनेंग तांगल आकू लाई / न्युवन पन्दोंगा दाद्या बोच कंग पिगुना //

PRATÉLAN WAOSAN

Adisumarta, Sumidi. 1955. *Tatanan Nyérat Aksara Djawi*. Ngajogjakarta: Tjabang Bagian Bahasa Djawatan Kebudajaan Kementerian Pendidikan Pengadjaran dan Kebudajaan.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J.B. Wolters' Uitgevers-Maatschappij N.V.

_____. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta: Noordhoff-Kolff N.V.

Prawiradisastra, Sadijo. 1987. "Kawruh Basa". Sératan kanggé Garan Panataran Guru Bahasa dan Sastra Jawa ing Kantor Wilayah Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Propinsi Jawa Tengah Semarang.

Sastrawardaya, Mas Samud. 1950. *Campur-bawur*. (Sératan Akasara Jawa). Djakarta: J.B. Wolters' Uitgeversmaatschappij N.V.

LAMPIRAN

NAMA-NAMANING WÊKDAL

1. NAMANING TAUN

Pétangan pananggalan Jawi ménika manut lampahing rémbulan, inggih ménika wiwit jumédhulipun rémbulan ngantos satêlasing rémbulan. Pétangan dintên ugi makatén, kawiwitan saking jumédhuling rémbulan, ngajêngakén sérap surya dumugi séraping surya malih. Mila lajêng gèsèh sangêt kalihan dintên pétangan taun Masèhi, gantosing tanggal utawi dintên kawiwitan tabuh kaping 24.00 utawi pukul 00.00 dalu (Prawiradisastra, 1987).

Pananggalan Jawi wontén sésambétanipun kalihan pananggalan Islam ingkang ugi sami-sami awêwaton lampahing rémbulan. Taun Hijrah kawiwitan ing taun Masèhi 622.

Awit saking karsanipun Kangjêng Sultan Agung, taun Jawi kalarasakén kalihan taun Islam. Inggih ménika kawiwitan nalika dintên Jêmuah Légi tanggal 1 Sura, taun Alip 1555, windu Kunthara, lambang Kulawu. Kanthi makatén, nalika taun Šaka 1555 ingkang alêlandhêsan pétangan surya, dados taun Jawi 1555 ingkang adhêdhasar pétangan rémbulan.

Taun Jawi yasan Sultan Agungen kasébut cacahipun wontén wolü, inggih ménika: (1) Alip, (2) Éhé, (3) Jimawal, (4) Jé, (5) Dal, (6) Bé, (7) Wawu, saha (8) Jimakir.

2. NAMANING WINDU

Windu ménika cacahipun wontén sakawan, gadhah nama saha waték piyambak-piyambak, inggih ménika:

- 9) Windu Adi (linangkung), watékipun kathah wêwangunan énggal,
- 10) Windu Kunthara (ulah), watékipun kathah solah bawa,
- 11) „ Sêngara (banjir), „ „ „ lèpèn banjir,
- 12) „ Sancaya (sêsrawungan), watékipun kathah tiyang dados pawong mitra.

Lampahing windu ménika gêntosan, wiwit saking windu Adi, sasampunipun jangkép sa-ubengan (4 windu utawi $4 \times 8 = 32$ taun), lajéng wangslu malih saking wiwitan tanggal 1 Sura taun Alip, windu Adi. Makatén sapiturutipun.

3. NAMANING DINTÊN

Namaning dintén ménika wontén pancawara, sadwara, saha saptawara. Ingkang kawastanan “pancawara” ménika dintén gangsal ingkang kasébut ugi dintén pêkênan, inggih ménika: Paing, Pon, Wagé, Kliwon, saha Légi.

Sadwara inggih ménika namaning pétagan “nênêm” ingkang kanggé nênitèni wataking bayi lair sarta pétagan mupangat saha sirikan tumrap tiyang ingkang badhé nindakakén pikajéngan. Sadwara ménika ugi dipunwastani **Paringkêlan**. Nama-namanipun, inggih ménika: (1) Tunglé, (2) Aryang, (3) Wurukung, (4) Paningron, (5) Uwas, sarta (6) Mawulu. Jaman samangké sampun awis-awis kagatosakén kanggénipun. Lampahing Paringkén ménika giliran sabén dintén, wiwitipun Tunglé

dipunpungkasi Mawulu. Sasampunipun jangkēp saubêngan (6 dintên), lajêng wangsul malih saking wiwitan. Sadwara utawi Paringkêlan ing pananggalan ing jaman samangké sampun botén ngêwrat malih. Nanging, taksih ngêwrat **Saptawara**. Saptawara ménika nama sarta pétangan dintên 7, inggih ménika:

- 1) Ngaad = Akhad = Aditya = Dité = Radité
- 2) Sénèn = Senin = Soma
- 3) Sélasa = Selasa = Anggara
- 4) Rêbo = Rabu = Buddha
- 5) Kémis = Kamis = Wrêhaspati = Rêspati
- 6) Jêmuah = Jumat = Sukra
- 7) Sêtú = Sabtu = Tumpak

4. NAMANING WUKU

Wuku ménika pétangan kanggé nyumérêpi watak saha lampahing bayi lair. Wuku ménika lampahipun sabén 7 dintên sapiyan, wiwit dintên Ngaad dumugi Sêtú. Lampahing wuku ménika giliran, kawiwitan **Sinta** kapungkasan **Watugunung**. Nama-namaning wuku, inggih ménia: (1) Sinta, (2) Landhêp, (3) Wukir, (4) Kuranthil, (5) Tulo, (6) Gumbrêg, (7) Warigalit, (8) Warigagung, (9) Julung-wangi, (10) Sungsang, (11) Galungan, (12) Kuningan, (13) Langkir, (14) Mandhasiya, (15) Julung-pujut, (16) Pahang, (17) Kuruwêlut, (18) Marakèh, (19) Tambir, (20) Madhangkungan, (21) Maktal, (22) Wuyé, (23) Manail, (24) Prangbakat, (25) Bala, (26) Wugu, (27) Wayang, (28) Kulawu, (29) Dhukut, sarta (30) Watugunung.

Satunggal wuku umuripun 7 dintên. Lampahipun sasampunipun sa-ubêngan = $7 \times 30 = 210$ dintên, lajêng wangsl saking wiwitan malih.

5. NAMANING ASTHAWARA

Asthawara kasébut ugi Déwa dina, Padéwan. Asthawara ménika namung kanggé nyumérêpi wataking bayi lair. Caranipun ngétang sasat mèh botén naté kasrambah ing padintênan. Nanging bab ménika kalébêt ing kabudayan Jawi. Astha = 8, wara = pétangan, dintên, dados Asthawara ménika wontén wolu: (1) Sri (Bathari Sri), (2) Indra (Bathara Indra), (3) Guru (Bathara Guru), (4) Yama (Bathara Yama), (5) Rudra (Bathara Rudra), (6) Brama (Bathara Brama), (7) Kala (Bathara Kala), saha (8) Uma (Bathari Uma).

6. NAMANING NAWAWARA

Nawawara utawi Padangon ménika pétangan dintên cacahipun sanga. Nawawara ménika kanggé nyumérêpi wataking bayi lair. Namaning Nawawara inggih ménika: (1) Dangu, (2) Jagur, (3) Gigis, (4) Kérangan, (5) Nohan, (6) Wogan, (7) Tulus, (8) Wurung, saha (9) Dadi.

